**BERUNIY TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**

*230200, Beruniy tumani, Beruniy kuchasi, r/u*

**BERUNIY INTER-DISTRICT ECONOMIC COURT**

*230200, Beruniy, Beruniy street, wn/h*

Tel: 55-102-40-63 e-mail: i.beruniy@sud.uz

## Өзбекстан Республикасы атынан
## ҲАЛ ҚЫЛЫЎ ҚАРАР

Әмиўдәрья районы 2022-жыл 22-апрель 4-2302-2202/743-санлы ис

Беруний районлар аралық экономикалық судының судьясы Қ.О.Хожамуратов басшылығында, судья жәрдемшиси Д.Мамбетсалиевтиң хаткерлигинде, [redacted] (2022-жыл 24-март күнги 506-санлы исеним хат), даўагер ўәкили фермер хожалық баслығы [redacted] ҳәм жуўапкер ўәкили юрисконсульт [redacted] (2022-жыл 5-январь күнги 3-санлы исеним хат)лардың қатнасыўында, [redacted] даўагер «[redacted]» фермер хожалығы мәпин қорғап, оның пайдасына жуўапкер жуўапкершилиги шекленген жәмийет түриндеги «[redacted]» шет ел кәрханасынан 19 676 436 сўм тийкарғы қарызын ҳәм 9 838 218 сўм пеня, жәми 29 514 654 сўм өндириўди сораған даўа арзасына тийкар қозғатылған экономикалық исти пуқаралық ислери бойынша Әмиўдәрья район судының имаратында ашық көшпели суд мәжилисинде көрип шығып, төмендегилерди

### А Н Ы Қ Л А Д Ы :

[redacted] (кейинги орынларда – [redacted]) даўагер «[redacted]» ФХ (кейинги орынларда – даўагер) мәпинде экономикалық судқа даўа арза менен мүрәжат етип, жуўапкер ЖШЖ түриндеги «[redacted]» шет ел кәрханасы (кейинги орынларда – жуўапкер)нан 19 676 436 сўм тийкарғы қарызын ҳәм 9 838 218 сўм пеня, жәми 29 514 654 сўм өндириўди сораған.

Суд мәжилисинде қатнасқан [redacted] ўәкили даўа талапларын қоллап-қуўатлап, оны қанаатландырыўды сорады.

Суд мәжилисинде қатнасқан даўагер ўәкили жеткизип берилген тұқымлық пахтаның 2-басқышы ушын жуўапкер тәрепинен бүгинги күнге дейин есап-китап қылынбағанлығын билдирип, даўа арзада көрсетилген суммаларды өндирип бериўди сорады.

Суд мәжилисинде қатнасқан жуўапкер ўәкили даўа талапларын тән алып, тұқымлықтың екинши басқышы ушын пул ажыратылмағанлығы ҳәмде экономикалық жағдайының төменлиги себепли тийкарғы қарызды төлей алмағанлығын, тийкарғы қарызын төлеўден бас

тартпайтуғынлығын, бирақ пеняны төлеўге имканияты келмейтуғынлығын билдирип, соған жәрдем бериўди сорады.

**Суд исте қатнасыўшы шахслар ўәкиллериниң түсиниклерин тыңлап ҳәм ис бойынша топланған ҳүжжетлерге ҳуқықый баҳа берип, төмендегилерге тийкар даўа арзаны қысман қанаатландырыўды мақул тапты.**

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодекси (кейинги орынларда – ПК)ниң 8 ҳәм 234-статьяларына тийкар миннетлемелер шәртнамадан, зыян жеткизиў нәтийжесинде ҳәмде усы Кодексте көрсетилген басқа тийкарлардан келип шығады.

Бул жағдайда тәреплердиң миннетлемелери контрактация шәртнамасынан келип шыққан.

ПКниң 465-статьясына муўапық контрактация шәртнамасына тийкар аўыл хожалығы өнимин жетистириўши аўыл хожалығы өнимин қайта ислеў яки сатыў ушын бундай өнимди сатып алатуғын шахсқа-таярлаўшыға шәртлесилген мүддетте тапсырыў (тапсырып турыў) миннетлемесин алады, таярлаўшы болса бул өнимди қабыл қылыў (қабыл қылып турыў), оның ҳақысын шәртлесилген мүддетте белгиленген баҳада төлеў (төлеп турыў) миннетлемесин алады.

Истеги ҳүжжетлерге қарағанда, тәреплер ортасында 2020-жыл 15-январь күни пахта шийки затын ҳәм туқымлық пахта сатып алыў ҳаққында 333-санлы контрактация шәртнамасы дүзилип, усы шәртнаманың 1.1-бәндине муўапық «хожалық» «қарыйдар»ға пахта шийки затын ҳәм туқымлық пахтаны қайта ислеў яки сатыў ушын жеткизип бериў, «қарыйдар» болса усы өнимди келисилген мүддетлерде қабыл етип алыў ҳәм белгили баҳа бойынша ҳақысын төлеў миннетлемесин алған.

Шәртнама шәртлери даўагер тәрепинен тийисли тәртипте орынланған болса да, жуўапкер тәрепинен шәртнама миннетлемелери толық орынланбай, жеткизип берилген туқымлық пахта ушын 2-басқыш есабынан 19 676 436 сўм төленбей қалған.

Истиң бул жағдайы даўагер ҳәм жуўапкер ортасында дүзилген салыстырыў актине тийкар толық тастыйықланады.

Шәртнаманың 3.1-бәндинде миннетлемелер усы шәртнама шәртлери ҳәм нызам ҳүжжетлери талапларына муўапық зәрүр тәризде орынланыўы кереклиги, егер тәреплер өз мойнына алған барлық миннетлемелердиң орынланыўын тәмийинлесе, шәртнама орынланған деп есапланатуғынлығы көрсетилген.

Сондай-ақ, шәртнаманың 4.5-бәндинде жеткизиб берилген туқымлық пахта ушын ҳақыны «қарыйдар» туқымлық тазаланып, ажыратылғанынан кейин, бирақ 2021-жылдың 31-августинен кешиктирмей төлеп бериўи кереклиги белгиленип қойылған.

Сонлықтан, суд бул даўа талабын толық қанаатландырыўды ҳәм жуўапкерден даўагердиң пайдасына 19 676 436 сўм тийкарғы қарызын өндириўди лазым тапты.

Соның менен бирге, [redacted] даўа арзасында жуўапкерден 9 838 218 сўм пеня өндириўди сораған.

Суд бул даўа талабын да тийкарлы ҳәм дурыс есап-китап қылынған деп есаплайды.

Себеби тәреплер ортасында дүзилген шәртнаманың 5.3-бәндинде жеткизип берилген туқымлықтың ҳақысын төлеўди кешиктиргенлик ушын жәриймадан тысқары «қарыйдар» «хожалық»қа мүддети өткерип жиберилген ҳәр бир күн ушын мүддети өткерип жиберилген төлеў суммасының 0,4 пайызы муғдарында, бирақ мүддети өткерип жиберилген төлеў суммасының 50 пайызынан артық болмаған муғдарда пеня төлейтуғынлығы көрсетилген.

Жуўапкер тәрепинен туқымлық пахта ушын төлемлер шәртнаманың 4.5-бәндинде көрсетилген мүддетте толық әмелге асырылмастан, бүгинги күнге дейин кешиктирилип келинген.

ПКниң 236-статьясына муўапық миннетлемелер миннетлеме шәртлерине ҳәм нызам ҳүжжетлери талапларына муўапық, бундай шәртлер ҳәм талаплар болмағанда ис қатнасықлары яки әдеттеги қойылатуғын басқа талапларға муўапық лазым дәрежеде орынланыўы керек.

ПК 333-статьясының биринши бөлимине муўапық қарыздар айыбы болған жағдайда миннетлемени орынламаған яки лазым дәрежеде орынламағанлығы ушын, егер нызам ҳүжжетлеринде яки шәртнамада басқаша тәртип белгиленген болмаса, жуўап береди деп көрсетилген.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы хожалық суды Пленумының 2007-жыл 15-июнь күнги «Миннетлемелерди орынламағанлық яки лазым дәрежеде орынламағанлық ушын мүлкий жуўапкершилик туўрысындағы пуқаралық нызам ҳүжжетлерин қоллаўдың айырым мәселелери ҳаққында»ғы 163-санлы қарарының 4-бәнди бойынша ПКниң 326-статьясына муўапық суд қарыздар тәрепинен миннетлемелердиң орынланыў дәрежесин, миннетлемеде қатнасыўшы тәреплердиң мүлкий аўҳалын, сондай-ақ кредитордың мәпин итибарға алып, неустойка муғдарын кемейтиўге ҳақылы екенлиги көрсетилген.

Суд, жуўапкер тәрепинен миннетлемелердиң орынланыў дәрежесин, пеняның толық өндирилиўи жуўапкердиң экономикалық жағдайына кери тәсир көрсететуғынлығын ҳәмде даўагердиң мәплерин итибарға алып, өндирилиўи тийис болған 9 838 218 сўм пеняны 20 пайызға, яғный 1 967 643,6 сўмға қанаатландырыўды, қалған бөлегин қанаатландырыўсыз қалдырыўды лазым тапты.

Буннан тысқары, ЭПК 118-статьясы биринши, екинши ҳәм алтыншы бөлимлерине муўапық суд қәрежетлери исте қатнасыўшы шахслардың қанаатландырылған даўа талаплары муғдарына муўапық түрде олардың мойнына жүклетиледи.

Ҳал қылыў қарары өз пайдасына шығарылған тәрепке ис бойынша қылынған барлық суд қәрежетлериниң орны, ҳәттеки басқа тәреп

мәмлекетлик бажыны төлеўден азат етилген болса да усы басқа тәреп есабынан қапланады.

Егер даўагер тәрепинен билдирилген неустойканы өндириў ҳаққындағы талап тийкарлы болып, бирақ оның муғдары нызам ҳүжжетлеринде белгиленген ҳуқықтан пайдаланылған ҳалда суд тәрепинен кемейтирилген болса, суд қәрежетлериниң кемейтирилиўи есапқа алынбаған ҳалда өндирилиўи лазым болған неустойка суммасынан келип шыққан ҳалда, суд қәрежетлери жуўапкердиң мойнына жүклетилиўи лазым.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 10-октябрьдеги «Фермер, дийқан хожалықлары ҳәм қыйтақ жер ийелери хызметин және де раўажландырыў бойынша ис-иләжлар ҳаққында»ғы ПҚ-3318-санлы қарарының 3-бәндинде Фермерлер кеңеси фермер, дийқан хожалықлары ҳәм қыйтақ жер ийелери мәплерин гөзлеп судқа мәмлекетлик бажы төлеместен даўа арзалары, мәмлекет ҳәм хожалық басқарыўы органлары, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият органларының қарарлары, олардың лаўазымлы шахслары ис-ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) үстинен шағымлар усыныўлары мүмкинлиги, бунда даўа арзасы қанаатландырыўсыз қалдырылғанда мәпи гөзлеп даўа арзасы киритилген фермер, дийқан хожалықлары ҳәм қыйтақ жер ийелеринен мәмлекетлик бажы өндирилмеслиги белгиленип қойылған.

Өзбекстан Республикасы «Мәмлекетлик бажы ҳаққында»ғы Нызамына қосымша қылынған Мәмлекетлик бажы ставкалары муғдарларының 2-бәнди «а» киши бәндинде мүлкий түске ийе даўа арзалар ушын даўа баҳасының 2 пайызы муғдарында, бирақ базалық есаплаў муғдарының 1 есесинен кем болмаған муғдарда мәмлекетлик бажы ҳәм Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Президиумының 2018-жыл 25-октябрьдеги РС-59-18-санлы қарарында барлық ислер бойынша базалық есаплаў муғдарының 8 пайызы муғдарында почта қәрежети төленетуғынлығы көрсетилген.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 17-августтеги «Ис ҳақи, пенсиялар, стипендиялар ҳәм напақалар муғдарын асырыў ҳаққында»ғы Нызамының орынланыўын тәмийинлеў ис-иләжлары ҳаққында»ғы ПФ-6279-санлы Пәрманына тийкар 2021-жыл 1-сентябрьден баслап базалық есаплаў муғдары 270 000 сўм етип белгиленген.

[redacted] тәрепинен ис бойынша алдыннан 2022-жыл 11-апрель күни автоматик рәўиште қәлиплестирилген 221010163196-инвойс рақамлы квитанция менен 21 600 сўм почта қәрежети төленген.

Сол себепли, суд жуўапкерден республика бюджетине 590 293,08 сўм мәмлекетлик бажы ҳәм [redacted] пайдасына 21 600 сўм почта қәрежетин өдириўди лазым тапты.

Жоқарыдағыларға тийкар ҳәм Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 118, 176-179-статьяларын басшылыққа алып, суд

**Қ А Р А Р   Е Т Т И :**

Даўа арза қысман қанаатландырылсын.

Жуўапкер жуўапкершилиги шекленген жәмийет түриндеги «[redacted]» шет ел кәрханасынан даўагер «[redacted]» фермер хожалығының пайдасына 19 676 436 сўм тийкарғы қарызы ҳәмде 1 967 643,6 сўм пеня, жәми 21 644 079,6 сўм өндирилсин.

Даўа талабының қалған бөлеги қанаатландырыўсыз қалдырылсын.

Жуўапкер жуўапкершилиги шекленген жәмийет түриндеги «[redacted]» шет ел кәрханасынан [redacted] пайдасына 21 600 сўм почта қәрежети өндирилсин.

Жуўапкер жуўапкершилиги шекленген жәмийет түриндеги «[redacted]» шет ел кәрханасынан республика бюджетине 590 293,08 сўм мәмлекетлик бажы өндирилсин.

Ҳал қылыў қарары қабыл етилгеннен кейин бир айлық мүддет өткеннен соң нызамлы күшине киреди.

Ҳал қылыў қарары нызамлы күшине киргеннен соң орынлаў хатлар берилсин.

Ҳал қылыў қарары үстинен усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына бир ай мүддет ишинде апелляциялық тәртипте арза (прокурор протест) келтириўге ҳақылы.

**Судья** **Қ.О.Хожамуратов**